

Danje Penti Abaz Plon yo nan Kay la

Kisa lokatè yo dwe konnen ak kisa mèt bilding yo dwe fè pou yo pwoteje kay yo

Sa se yon vèsyon bwochi Depatman Sante NYC an ki gen kòm tit "Danje Penti Abaz Plon yo nan Kay la" ki kapab enprime.



Plon se yon pwazon yo jwenn souvan nan penti ansyen. Anpwazònman ak plon ka bay timoun yo pwoblèm aprantisaj ak pwoblèm konpòtman. Bilding yo te bati anvan 1960 yo ka gen penti abaz plon sou mi yo, fenèt yo, rebò fenèt yo, pòt yo ak lòt sifas yo.

Si penti a ap dekale oswa yo te fè reparasyon san yo pa te pran prekosyon kòm sadwa, penti abaz plon an ak pousyè penti an ka simaye toupatou lakay ou. Lè timoun yo mete men yo oswa jwèt yo nan bouch yo, yo ka vale pousyè plon.

Mèt sèten bilding pou lwe ki pi ansyen dwe ranje danje penti a baz plon yo nan apatman kote gen timoun ki gen laj 5 an pou pi gran ki rete la oswa ki pase omwen 10 èdtan pa semèn la.

Kèk egzanp **danje penti abaz plon** se penti abaz plon k ap dekale oswa ki donmaje oswa ki sou sifas tankou plat k ap tonbe, bwa pouri, ak pòt ak fenèt ki manyen youn lòt, ki kole oswa ki fwote youn sou lòt.

Mèt bilding yo dwe:

- Voyeron avi chak ane k ap mande lokatè yo si gen yon timoun laj 5 an pou pi gran ki rete oswa ki pase omwen 10 èdtan pa semèn nan apatman yo a.
- Enspekte apatman ki gen timoun pi jèn yo pou wè si gen danje penti abaz plon. epi bay lokatè yo rezilta enspeksyon an.
- Ranje danje penti abaz plon yo nan tout inite pou lwe yo avèk pratik travay san danje. Pa dwe gen penti abaz plon sou fenèt ak pòt ki manyen youn lòt, ki kole oswa ki fwote sou youn lòt, anvan yon nouvo lokatè vin rete nan apatman an.
- Ofri yon lojman pwovizwa si yo pa ka ranje danje penti abaz plon an san danje pandan lokatè a rete nan apatman an.
- Fè Depatman Sante ak l'jyèn Mantal Vil New York la (New York City, NYC) konn sa lè gen plis pase 100 pye kare penti abaz plon yo pral deranje nan yon pyès, oswa si yo pral chanje omwen de (2) fenèt ki pentire.
- Kenbe dosye ki gen rapò ak enspeksyon, avi ak reparasyon pou penti abaz plon yo pandan omwen 10 zan.

Lokatè yo dwe:

- Ranpli epi remèt avi anyèl la nan dat 15 fevriye pou pi ta.
- Fè mèt bilding yo an konn sa pa ekri si yo gen yon tibebe oswa si yon timoun ki gen laj 5 an pou piplis vin rete oswa pase omwen 10 èdtan pa semèn lakay yo.

Pratik Travay San Danje:



Sèvi ak travayè ki gen sètifikasyon Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency EPA) ameriken an pou ranje danje penti abaz plon epi pou fè reparasyon ki deranje penti abaz plon.



Afiche avètisman danje deyò espas kote travay la ap fèt la.



Deplase oswa kouvri tout mèb. Bare tout atè, pòt ak lòt ouvèti avèk plastik ak tep enpèmeyab.



Netwaye zòn travay la chak jou avèk mòp mouye oswa avèk yon vakyòm ak filt ki gen bon efikasite kont patikil nan lè a (High-efficiency Particulate Air, HEPA). Pou netwayaj final la lè travay la fini, netwaye avèk yon vakyòm HEPA, apre sa mòp mouye, apre sa vakyòm HEPA ankò.



Fè yon kontraktè endepandan ki gen sètifikasyon EPA vin fè tès pousyè apre travay la pou verifie nivo pousyè plon yo san danje.

Pa janm grate oswa sable penti abaz plon asèk.

Egzijans pou Fè Tès nan Apatman ki Gen Timoun Laj 5 An oswa Ki Pi Piti (Lwa Lokal 31 Ane 2020 an)

Mèt bilding yo dwe teste tout apatman yo pou wè si gen penti abaz plon nan mwa out 2025 oplita, oswa nan yon delè ennan si gen yon timoun ki gen laj 5 an oswa ki pi piti ki vin rete oswa ki pase omwen 10 èdtan pa semèn nan yon apatman.

Vyolasyon Règleman sou Pentti Abaz Plon

- Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman NYC an (NYC Department of Housing Preservation and Development, HPD) pral enspekte apatman ki gen timoun piti ladan yo nan bilding ki pi ansyen yo si yon lokatè plenyen nan **311**.
- Si HPD jwenn yon danje pentti abaz plon, mèt bilding nan ap resewva yon kontravansyon epi y ap egzije pou li ranje danje a nan yon sèten delè.
- Mèt bilding yo dwe sèvi ak pratik travay san danje pou yo ranje vyolasyon règleman sou pentti abaz plon yo oswa pou wete pentti abaz plon an. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/hpd epi chèche "**lead-based paint**" (pentti abaz plon).
- HPD pral re-enspekte tout vyolasyon yo epi ranje tout danje poutèt pentti abaz plon mèt bilding nan pa ranje. Lokatè yo dwe kite HPD antre nan apatman yo a pou fè tout reparasyon ki nesèsè yo.
- HPD gen dwa fè odit dosye bilding nan epi enspekte tout bilding yo nèt pou wè si gen danje pentti abaz plon ak si yo pa t fè travay la pandan apatman yo te vid.

Ede Anpeche Anpwazònman ak Plon:

- Rele **311** pou:
 - Aprann kijan pou jwenn yon tès plon.
 - Rapòte sa si mèt bilding ou an pa ranje pentti k ap dekalè oswa si l ap fè reparasyon yon fason ki danjre.
 - Kòmande yon twous tès plon gratis pou dlo potab.
 - Kòmande kopi dokiman sa a sou fòm bwochi oswa lòt dokimantasyon sou plon.
- Lave atè a, rebò fenèt yo, men yo, jwèt yo ak tetin yo souvan.
- Pale avèk pwofesyonèl medikal ou de fè tès plon pou pitit ou. Pou yo ede ou jwenn yon pwofesyonèl medikal, rele **311** oswa 844-692-4692.

Mèt bilding yo ki gen inite pou lwe dwe bay lokatè yo kopi enprime oswa nimerik dokiman sa a oswa bwochi an (tit la se "Danje Pentti Abaz Plon yo nan Kay la") lè yo siyen yon kontra lwaye oswa lè yo vin rete nan yon apatman si bilding nan te bati anvan 1960 (oswa ant 1960 ak 1978 si li gen pentti abaz plon). Dokiman sa a ak bwochi an gen enfòmasyon debaz sou pentti abaz plon, yo pa gen konsèy nan domèn lalwa.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou:

- Prevansyon anpwazònman ak plon, ale sou nyc.gov/lead.
- Anpwazònman ak plon pou mèt bilding yo, ale sou nyc.gov/health epi chèche "**lead and building owners**" (plon ak mèt bilding yo).
- Lwa ak règ ki aplikab yo, webinè, ak gid pou mèt bilding, ale sou nyc.gov/hpd epi chèche "**lead poisoning**" (anpwazònman ak plon).



Department of Health
& Mental Hygiene

Department of Housing
Preservation and Development